Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№-34-35
(9779-9780)

2016 соналъул
8 июнь

АРБАГI

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## СОЦИАЛИЯЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗДЕ БАРКИ

Жидерго профессионалияб байрам-«Социалияв хIалтIухъанасул къоялде» районалъул социалияб хъулухъ гьабиялъулаб централъул хIалтIухъабаз дандчIвай гьабулеб буго жидеца гьеб хъулухъ гьабулезул кIудияб разилъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

180-ялде чиясде гIагарараб районалъул социалиял хIалтIухъабазул отрядалъ ракI-ракIалъго гьеб хъулухъ ва тIалаб-агъаз гьабулеб буго 800-ялде гIагарун инвалидазегун харабазе. Щияй социалияй хIалтIухъан лъугьун йиго гьезул рекIелчIейлъунги, гIагарай гIаданлъунги ва рекIел ургъел бикьулей гьалмагълъунги.

Гьеб бихьана районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Президиумалъ социалияб централъул нухмалъулелгун росабалъе гьарурал сапаразул заманалда. Щиб-кин абун гьикъидал, щивав инвалидасгун ветеранас ва кIудияв чияс загьир гьабулеб бугоан социалияб хъулухъ гьабулездасан жидерго бугеб разилъи ва гьезде бугеб божилъи.

Гьединаб къагIидаялда ва ракIбацIцIадго жидерго хIалтIи тIубазабулел ругел районалъул социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул тIолалго хIалтIухъабазда районалъул ветераназулаб советалъул президиумалъул рахъалдасан ракI-ракIалъго баркула гьезул профессионалияб байрам! Гьарула гьеб бищунго гIаданлъиялъулаб (гуманитарияб) хъулухъ гьабиялъулъ жеги лъикIал хIасилал ва хъизамазулаб талихIгун щулияб сахлъи.

Ветераназул советалъул президиум божараб буго нилъер цадахъаб, ай цоцада мухIкан гьабиялъулаб хIалтIи жеги цIикIкIун хIаракатаблъун лъугьине букIиналда.

***К. ШАГIБАНОВ,***
***районалъул ветераназул советалъул президиумалъул председатель.***



## ЕГЭ КЬЕЗЕ БАЙБИХЬАНА РАЙОНАЛДА

Гьаб соналъул 30 маялда районалъул школазул 346 цIалдохъанас кьуна тIоцебесеб тIадаб гIурус мацIалъул тIадаб пачалихъияб экзамен. Гьеб кьезе буго, гьединго ВУЗазде цIализе ине бокьарал цересел соназул выпускниказги.

ЕГЭ кьей букIана районалъул 2 пункталда-АнсалтIа ва ГIанди росабазул школазда.

«Экзамен кьей ана гIуцIараб къагIидаялда. Гьелъ бицунеб буго цIалул соналда цIалдохъаби лъикI цIалун рукIин ва экзаменалде хIадурун рукIин. Киналго цIалдохъаби рачIана ракIчIараб къагIидаялда. Божарай йиго кинабго лъикI ине букIиналда»,- ян абуна РУОялъул начальникасул заместитель Жавгьарат Сулеймановалъ.

Гьединго гьелъ бицана районалъул щивав цIалдохъанас кьезе кколин тIадаб 4 экзамен-гIурус мацIалъул, математикаялъул ва жидецаго тIаса бищараб цогидаб 2 экзаменги. Районалъул гIемерисел цIалдохъабаз тIаса рищулеллъун кколин: обществознание, хадур история, химия ва биология.

Экзаменалда гIахьаллъи гьабун буго Пачалихъияб экзаменационнияб комиссиялъул вакилзабазги ва общественниял вакилзабазги.

Правилоялда рекъон цIалдохъанасе аттестат щвезе буго кьезе тIадал экзаменазе рукIине кколел баллал рачIани. Нагагь тIадал экзаменазул цояб кьечIони, гьеб кьезе тIадеги заман кьола. Нагагь кIиабилебги хIалбихьиялда гьеб экзамен кьезе кIвечIони аттестаталъул бакIалда кьола справка.

***М. ИБРАГЬИМОВ.***

## ЛЪИКIАБ ХIАЛТIУЕ БАРКАЛА КЬУНА

Гьал къоязда хисана Кьохъ кьода бугеб контрольно-пропускнияб пунктalда 6 моцIалъ пачалихъияб хъулухъ гьабулеб букIараб МВДялъул Марий Эл Республикаялъул полициялъул хасаб отряд.

Гьелда бан гьенибе ун букIана райадминистрациялъул бетIерасул общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ заместитель ГI. ГIабдулдибировгун, РФялъул Болъихъ ОМВДялъул отделалъул начальник М. ХIажиевгун ва МФЦялъул филиалалъул директор М-К. ХIажиевгун райадминистрациялъул делегация.

Пост хисиялда бан гьениб букIараб дандельиялда ГI. ГIабдулдибировас районалъул нухмалъиялъул рахъалдасан баркала кьуна хисун нахъе унеб отрядалъе жидерго тIадал пачалихъиял ишал ракIбацIцIадго тIуразаруралъухъ. Гьеб отрядалъ мустахIикъаб бутIа лъуна ДРялъул Болъихъ районалъул территориялда общественнияб гIадлу-низам ва хIинкъи гьечIолъи цIуниялъухъ.

Гьединабго ракIбацIцIадаб хъулухъалъе гIоло разилъи ва баркала загьир гьабуна МФЦялъул Болъихъ филиалалъул директор М-К. ХIажиевасги.

Гьеб отрядалъул цIикIкIун хIаракатчилъи бихьизабурал хIалтIухъабазе кьуна муниципалияб районалъул РФялъул Болъихъ ОМВДялъул ва МФЦялъул хIурматиял грамотабиги ва баркалаялъулал кагъталги.

КIалъазе вахъарав гьеб сводная отрядалъул командир Сергей Шулаевас районалъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабуна жидедехунго букIараб тIалаб-агъазалъулаб бербалагьиялъухъ.

Хадуб Марий Эл МВДялъул Республикаялда бугеб полициялъул ДРялъул начальникасул заместитель Александр Смирновас цIалана 2016 соналъул 27 абилеб маялъ бахъараб МарийЭл Республикаялъул МВДялъул министрасул приказ. Гьениб благодарность кьун буго МВДялъул Марий Эл республикаялда бугеб СОГалъул сотрудниказдехун кумекалъулаб гьоркьоблъи гьабуралъухъ, районалъул бетIер МухIамад Малачиевич ПатхIулаевасе, МФЦялъул филиалалъул директор МухIамадкамиль Ордашевич ХIажиевасе, Болъихъ ОМВДялъул начальник МухIамадрасулов Багьадур Шамсудиновичасе, РФялъул Болъихъ ОМВДялъул отделалъул начальник МухIамад Ордашевич ХIажиевасе.

# ПРОТОКОЛ

**публичных слушаний**
**по проекту решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район»**

02.06. 2016 с. Ботлих

**Место проведения публичных слушаний: зал заседаний администрации МР «Ботлихский район».**

**Время проведения слушаний: 10 часов 00 минут.**

**Председательствующий: председатель оргкомитета – Гамзатов Р.С.**

**Секретарь – Газиев А.Н.**

**На публичных слушаниях присутствовали - 16 чел.**

С докладом выступил председатель оргкомитета – Гамзатов Р.С. Он ознакомил участников публичных слушаний с проектом решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район», разъяснил порядок его рассмотрения и принятия. Также Гамзатов Р.С. пояснил, что в оргкомитет Собрания депутатов муниципального района по рассмотрению поступивших предложений в проект решения Собрания депутатов предложений не поступило.

С предложениями выступили:

1. Абдулатипов А.Ш., который предложил одобрить проект решения, поскольку он принимается в целях приведения устава в соответствие с федеральным законодательством.

2. Лабазанов Л.Р. поддержал предложение об одобрении проекта решения «О внесении изменений в Устав МО «Ботлихский район».

3. Гамзатов Р.С.– отметил, что предложения и замечания участников публичных слушаний носят, рекомендательный характер и предложил проголосовать, чтобы определить мнение присутствующих относительно принятия проекта решения.

По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект решения.

Обсудив доклад председателя оргкомитета Гамзатов Р.С. и заслушав поступившие предложения, участники публичных слушаний по проекту решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район» **РЕШАЮТ:**

Единогласно одобрить предложенный проект решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район» и направить в Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район».

**Председатель Р. Гамзатов**
**Секретарь А. Газиев**

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ

## о результатах публичных слушаний

Публичные слушания назначены: Решением Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 28.04.2016 г. №2.

Вопрос публичных слушаний: «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район».

Сведения об опубликовании или обнародовании информации о публичных слушаниях: районная газета «Дружба» от 28.04.2016г. № 25-26.

Уполномоченный орган по проведению публичных слушаний, а также принятию предложений граждан по проекту устава – оргкомитет Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район».

Публичные слушания по проекту Решения Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район» были проведены 02.06.2016 года в 10 ч. 00 м., в зале заседаний администрации муниципального района «Ботлихский район» по адресу: с. Ботлих, Ботлихский район, Республика Дагестан.

Председательствующий: председатель оргкомитета – Гамзатов Р.С.

Секретарь – А.Н. Газиев

Присутствовало: 16 чел.

Выступило: 2 чел.

Путем голосования установлено, что поддержали проект решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Ботлихский район» - единогласно.

**Председатель оргкомитета Р.С. Гамзатов**

# ГЬАБИЗЕ ХIАЛТIИ ГIЕМЕРАБ БУГО

Дагъал церегIан къоязда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул общественнияб палатаялъул заседание.

Гьеб рагьулаго общественнияб палатаялъул председатель МухIамад Иманшапиевас бицана гьеб общественнияб гIуцIиялъул жакъасеб кIваралъул, гьелда цере лъурал масъалабазул ва гьелъул хал гьабизе росизе ругел суалазул хIакъалъулъ.

БатIаго нилъеца хасаб кIвар кьезе буго,-ян абуна гьес,- социалиял суалазде, гIадамазул цIикIкIун хIажалъаби кколел учреждениябазулгун организациябазул хIалтIул качествоялда. Гьединал учреждениябилъун ккола райбольница, поликлиника ва гьелда цебе бугеб аптека, школа, ясли-ах ва токалъул учреждение.

Нилъер масъалабазулги масъалалъун ккола гIадамазул киналго рахъалъулал ихтиярал цIуниялда, жиндир заманалда букIине кколеб роценалда хIалтIул мухь кьей букIинабиялда хадуб хъаравуллъи чIезаби. Гьединабго хъаравуллъи букIинабизе ккола федерациялъулгун цоги-цогидалги хIукуматалъул органаз халкъалъул батIи-батIиял группабазе чIезарун ругел бигьалъабазда хадубги.

Гьесдаса хадув кIалъазе вахъарав общественнияб палатаялъул председателасул заместитель Шахрудин Шахрудиновас абуна:

-Жакъа бищун цIикIкIун кIвар кьезе кколеб суаллъун ккола дарабазул суал. Нилъер районалда гIезегIан цIикIкIун руго аптекаби ва гьедигIанго цIикIкIун руго качество гьечIел дараби ричиялъул хIужабиги. Гьеб рахъалъа гIорхъолъа борчIараблъун ккола наркотическиял таблеткаби гIисинал лъималазецин ричулел рукIин. Гьединго хIужаби рукIунел руго льготниказе къанагIатги дараби щунгутIиялъул, щварагали унтаразе данде кколарел рукIиналъул.

Гьелде тIадеги бицана Ш. Шахрудиновас районалда гIемерисел пекарнябазда бежулеб чед букIунеб бугила санитарияб норма цIуничIеб ва качествоялъул рахъалъа тIалабазе жаваб кьолареб. Лъим букIунеб бугила 2-3 къоялъ тIокIкIизе течIолъиялъ гьекъезе бегьулареб хIалалда. БатIаго рехсей гьабичIого тезе бегьулеб хIал гьечIо Болъихъ базаралъулги. Базаралда ричаризе рачIарал гIадамазул ракI унеб хIалалъ буго бакIбакIазда рищнидул гохIал. Бищунго дун гIажаиблъизавула цо-цо гIадамаз расниги нечечIого газалъул трубабазда тIаде чороклъи-хъублъи тIолеб букIиналъ. Додиназда бихьулеб гьечIо жинца тIураб чороклъиялъ трубаби рагьиялъе квербакъизе букIин. ХIаракатги бахъизе буго бальго, скрытый камераялъ рахъун гьединал чагIи къватIир чIвазаризе. Цо гIакъиласул аби буго: «Культуралъун ккоаро жиб-жиб къоялъ культура гьаби. Культура ккола гьабураб цIуни».

-Нилъее заман щун буго,-ян абуна гьес, гьединал гIунгутIабазе ахир лъеялъе хIалтIи гьабизе.

Дун божарав вуго нилъеда, ай общественнияб палатаялда гьел гIунгутIаби тIагIинаризе кIвезе рукIиналда. Узухъда, нилъее квербакъи гьабизе ккола районалъул ракIбацIцIадал гражданаз. ЛъикI букIинаан гIадамаз жидедаго лъалел гIунгутIаби нижеда лъазарунани. Гьелъие гIоло рачIине бегьула нижехъе. Общественнияб палата буго райадминистрациялъул тIоцебесеб тIалаялъуб.

***П. ДИБИРОВА.***

# НУРУЛ ГIАЗИМИЛ ГЪВАРИДАЛ ЛЪАЛКIАЛ

ГIемерал сонал ана ГIалахъа ГIабдулпатахIил НурулгIазимилгун лъай-хъвай ккаралдаса нахъе. БитIун бицани, къойилго вихьулев дандчIвалеванищиланги кколаан дида. ХIакъаб жо, гьедин кколеб батила гьев лъалелщиназеги. Щай-кин абуни, гьев вугелъул, гIадатиявги гIамал-хасият берцинавги унго-унгояв инсан. Борхатаб черх букIиналдаса, чохьол хIара битIиялдаса чIухIдаруларо гьев цо-цоял (цо-цоял щиб, богода гIорцIарал гIемерисел) гIадин, хъулухъ-ишазде ваханин абун, гIиял рехъада цебе дегIен гIадин гIебедеги витIичIо, цIелбер гIадин роцIараб, бакъалъ ханлъи гьабулеб зодор къад цIваби рикIкIинги киданиги хасиятаб букIинчIо.

Бащдаб гIасруялдасаги цIикIкIараб заманаялъ цеве мухъилав механизатор-тракторист вугеб мехалъги цIакъ гIадатияв, тIадаб тIокIкIун лъалев, лъараб гIадин жавабчилъиги бичIчIун тIубазабулев, захIмалъабазе къуркъуларев къеркьохъан вукIана. Жавабиял хъулухъал божизаридал гьелги намусги, кверги бацIцIадго камилго ва росуцоязе пайдаяб, гьел разилъулеб къагIидаялъ тIуразаруна. Гьединав, чилъи гIурав, инсан бокьарас мисал бос изе мустахIикъавги вукIунеблъи якъинаб хIужа буго. Гьединлъидал бокьун букIана НурулгIазимил хIакъалъулъ хъвазе. Амма, гьесул хIаракатаб ва хIасилал къураб хIалтIулги, ракьалда тарал лъалкIазулги хIакъалъулъ кинабго рагьизе кIвеларилан тун букIана. Бугониги, дагьалго мухъал хъван телин.

Гьавуна НурулгIазим гьаниб жаниблъиялдаса балагьани, жиндир тIогьал тIад зобалазда цуралин кколел мугIрузул каранлъуда гIасрабаз цебего бараб ТIадгIалахъ росулъ, 1935 абилеб соналда. Миллионал кьеризлаздего гIадин рокьукъаб рагIад рехизабуна талихIаб лъимерлъиялде фашистияб Германияги тIаде кIанцIун КIудияб ВатIанияб рагъ багъаргьидал Дагъистаналъул нус-нус росабазул гIадамазего гIадин, гIалхъадериеги рагъул сонал кIицIулго балагьаллъун лъугьана. Гьабин абун гьабураб такъсир, ккараб гIайибго гьечIого Чачаналъе гочинаруна. Чара щиб, сахлъи лъикI букIинчIей эбелгун, жиндасаго гIумруялъ гьитIинал вацалгун лъалареб ракьалде халатабги, кигIанго захIматабги сапар бухьине ккана НурулгIазимицаги, ТIадчагIазул хIукмуялда рекъон гIалхъадерие яшав гьабизе бихьизабуна,



Чачаналги Гьоркьохъеб Азиялде гочинарун чIобоголъараб, сверун ризал рохьаз ккураб МахкIитIа росу. Ругьун гьечIеб ракь, бакI, магIарухъ гIуразе данде кколареб гьава-бакъ, гьабихъе ун хенезени щиб гурин, хурзабахъ хьазецин гьечIеб тIощел, рухI хвасарлъиялъе ханждал хъатги тIаде щван мичIчIилги ччутилги гьабураб лъамиябго каращ, ракьи-къварилъиялъ къвал бараб гIечIого, бакъул ва цогидал унтаби. Гьелде тIадеги, ВатIаналъе хилиплъун рагьдаса кьерун чIаралги, тIурун рачIаралги, гочинариялдаса рахчаралги такъсирчагIазул къокъабаздаса бугеб хIинкъиги. Гьелъулги, цогидалъулги хIасилалда, унтабигIузрабиги ккун къойилго гIадин холел рукIана харабигун лъимал ва гIолилал.

Рехсаралъулги рехсечIого хутIаралъулги чIагоял нугIзал нус-нус руго. Гьелдаго гьоркьов кинабгоги бахIарчиго хIехьон, гьитIинго кIудияв гIезе ккарав, НурулгIазимги. Жиндиргоги рокьосезулги рухI хвасар гьабизелъун, эбелгун цадахъ живго рохьовеги ун рохьил гIисин пихьги бакIарун, гьелъул цIурал гьагьалги хIамузда лъун лъабкъогогIан километралъул халатаб манзилалъ анцI-анцI сапар бухьана Грозныялде. Араб багьаялда гьебги бичун, щварал шагьабазухъ чедги босун, гьев тIад вуссарал сардал битIахъего байрамалде сверулаан рукъосезе.

Гьединан ичIго сон баралдаса байбихьун рукъалъул хIубилъунги, кьерилазени щиб гурин, гIумруялъ жиндасаго кIудиязегицин мисаллъун лъугьана НурулгIазим. Росдал школалда цIалиялда цадахъго, жалго гIадин гочинарун тIандосез яшав гьабулеб ГIалистанжи росулъ букIараб МТсалда цере рачIун рукIарал механизаторазул лъабго моцIрол курсалги лъугIизаруна. ХIалтIана тракторалда хадубги бан хьон хьалелги, хурзал рекьулелги агрегатазда. Хадувккун цIалана гIатIидаб махщалил механизаторлъиялъе. Жиндего божизабурал маххул «чуялги» рачун жидерегоги, цогидал колхозаздаги нус-нус гектар гIурабиги ссун хурзалги гьаруна, букIине кколедухъ ракьги къачIан хьонги хьана, рикIкIен гIемераб рагIи-херги хIадур гьабуна. Дол рикIкIадал соназ гьанже гIадин электрикалъул ток букIинчIелъул гIи къунцIизе кколааан тракторалда хадур ралел ва дагьелги хIалтIизарулел агрегатаз. Гьеб кIвар цIикIкIараб ишалъулъги кидаго цебесеб кьердаги, жинде ккаралщиназ хIалае вахьине хIадургоги вукIунаан НурулгIазим.

ВатIаналъе тIадаб борч борхулаго бараб лъабабго лъагIалицаги хIалае ккана НурулгIазимие механизаторлъиялъул махщелги, гIумруялъулаб лъадариги. Махщел тIадеги камил гьабизелъун цIалана механик-водительлъунги, лъугIинаруна шоферлъиялъул курсалги. Армиялда бараб лъабабго соналда вукIана командирзабазул кваранаб кверлъун, цадахъ ругелщиназе мисаллъунги.

Армиялдаса вуссиналъул байбихьи ракI ссудулеблъун ккана НурулгIазимие. БитIун чачаналъ бетIербахъи гьабизе ругьунлъараб, магIишат-яшавалда рухI речIчIараб 1957 соналда жидерго абадияб ВатIаналде тIадруссине Чачаназе изнуги кьун, гочине ккана магIарухъе инсухълъиялде. ГIемераб гIакъуба, захIматги бихьун, цIикIкIарал харжалги гьарун цIигьабизе ккана чIваднazде руссарал мина-бакIал. Лъабкъоабилел соназул байбихьуда Бабаюрталъул зоналда бугеб жидерго колхозалъул гьутаналде хIалтIизе аралъув НурулгIазим тIамуна завскладлъун. Складал абуни дол соназ гьанже гIадин жаниб гьури багъулел гьодорал гурел, тIощалилги цогидал гIибоцIухьанлъиялъул нигIматазги ругIун цIурал рукIана. Санайилго гIезабулеб букIиндалха ункънусгоялде гIагарун тонна хаслихъеролъул, гьелдасаги цIикIкIун цIоросаролъул. Гьединго гIезабулаан нус-нус тонна пиринчIалъул, 70-80 тонна бакъдебуссалъул. Гьеб киналъулго мухIканаб хIисаб-суал букIинаби цIуни, кколелъубе харж гьаби щвалде-щвараб букIана НурулгIазимил.

Сундульго мухIканлъи, дурусльи, жавабчилъи, иш лъайги бихьун, магIишаталъул нухмалъулез НурулгIазим тIамула бетIерав механиклъун. Бигьаго букIинчIо, батIи-батIияб моделалъул, лъебергоялдасаги цIикIкIараб тракторалъегун машинаялъе, комбайнеразе, цIатариялъул рахчулел материалал, дагьабгIаги жагьаллъи ккани къачIазе хIажатал тIагIелалгун алатал чIезаризе, щибаб сезоналъулал хIалтIаби гIуждаги, качествоялъулаб къагIидаялъги тIобитIизе. НурулгIазимил нухмалъигун ва жигараб гIахьаллъигун кинабго букIинабуна тIадегIанаб даражаялда. КъанагIатги хIужа ккечIо рекьи, реци кватIиялъул, тIаса-масаго иш гьабиялъул. Районалъулго магIишатазе мисалияб букIинабуна сундульго цIуна-къай, захIматалъулаб гIадлу ва рахьи. ТIолабго техника кибегIаги кьечIого, хасаб мастерскаяги рагьун, жидецаго къачIаялъ, лъикIаб качество букIинаби гуребги, щибаб лъагIалица магIишаталъе тIокI гьабуна анцI-анцIазар гъурущ.

Щибаб ишалъулъ бугеб хIаракатчилъигун бажари жавабчилъиги ва кинабго цогидабги хIисабалдеги босун, КПССалъул райкомалъул бихьизабиялда рекъон 1971 соналда НурулгIазим цIализе ана росдал магIишаталъе кадраби хIадур гьарулеб Республикаялъул техникумалде. Лъабго соналъ цIалун щвана зоотехникасул махщел. Гьеб махщалида рекъон колхозалъул бетIерас зоотехниклъун хIалтIулаго, гIемерал хIасил кьолел тадбирал гьаруна гIи-боцIул тайпа лъикIлъизабиялъулъ ва цIикIкIун тIинчIги продукцияги. щвезабиялъе. Зоотехниклъиялда цадахъго, колхозалъул предпринимателасул заместительги вукIиндал, гIемерал ишал гьаруна, микьго километралъул манзилалда гьутаналде чабах бан нух бахъиялъе. Гьелъул тIокIлъигун лъикIлъи ккана мадугьалихъ ругел магIишатазеги.

АнцIгоялдаса цIикIкIун соназ, рехсарал ишазда вукIадго, НурулгIазимиде росуцояз божизабуна бегавуллъи. Гьелъиеги ритIухьавлъун хутIана гьев. РикIкIен гIемерал хIалтIаби гьаруна росулъ щулияб гIадлуги, гIуцIиги букIинабиялъе, къачIана ва цIиял рахьана хIажаталъуре нухал, лъинал, лъабнусгогIан хьизаналъе кьуна минаби разеги, ахал-хурзал гьаризеги бакIал.

НурулгIазимил хIаракатал ишал бицун хIалкIоларелгIан гIемерал руго. Киналго рехсани цIакьго халалъулелъул, гьалда къокълъизе толеб буго.

**Б. МУРТАЗАГIАЛИЕВ.**

**НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ**

# САБРУ-ИМАНАЛЪУЛ БЕТIЕР

Ахираб заманалда гIадамал лъугьун руго гьитIинабго жоялъегицин цоцаде рагъизе, щцидахизе, квешаб рагIи абизе хIадураллъун. Гьезул гIемерисел гIедегIулел руго расниги мунагь гьечIел цогидазда хадуб къабихIаб рагIи абизеги, мацIигъизеги, бугътан лъезеги ва гъибат гьабизеги. ХIатта, гьел Аллагьасдасан хIинкъулел гьечIо цогидазде бачIараб балагьалдасанги, унта-щокълъиялдасанги, яги хIалтIудасан гIодов чIезе ккеялдасанги рохизегицин. Гьезул гIиллабазул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас жидехъе ахIараб кинниги, гьел журалел руго дораги-гьанирги щущадизе.

ПалхIасил, гIадамазул гIемерисезулъ кинаб бугониги сабру абураб жого хутIун гьечIин абизе бегьула..

Гьеб хIалги хIисабалде босун нижер мухбирас Дагъистаналдаго машгъурав, гIелмуги, гIамалги рекъарав инсан Болъихъ росулъев АхIмадудин-хIажида гьарана сабруялъул хIакъалъулъ бицеян. Районалъул гIадамазда сабруги гьелъул даражабазул кIодолъабиги ричIчIинаризе щвеялдасан бугеб кIудияб разилъиялдалъун гьес мухбирасул гьариги тIубазабуна.

-ТIадегIанав Аллагьасул хирияб калам Къуръаналъул аяталда буго магIна: **«Сабру гьабулел чагIазе кьолеб кириялъул даража хIисаб гьечIого кьезе буго»**,-ян байбихьана АхIмадудин-хIажица. «Алькъарат» сураталъул буго гьадинаб магIнаялъул аят, магIна: **«Дуца рохел бице сабру гьабулел гIадамазда»**,-ян.

Нилъ киналго сабруялде хIажатал руго. Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда буго: **«Сабру буго иманалъул бащалъи»**,-ян. Сабру иманалъул хазинабазул цояб бугилан хъварал бакIалги руго.

Бищунго цIикIкIун даражаби ругеб сабрулъун кколилан бихьизабун буго хIадисалда: **балагьалда, унти-щокълъиялда** сабру гьаби. Масала, черхалде бачIараб букIа, гIагарлъиялде, боцIуде рачIарал рукIа къварилъаби, ай нилъеца балагьалин рикIкIунел киналго квешлъабазде нилъеца сабру гьабунани, Аллагьас гьел квешлъаби рахIматалде, нигIматазде сверизарулилан хъварал бакIалги руго. Масала, Къуръаналъул «Аль-бакъарат» сураталъул 135-157 аяталда буго магIна: **«Дица щиб-щибниги жоялдалъун нужер хIалбихьичIого тезе гьечIо. ХIинкъи тIаде тIамун, тIаде ракъи биччан, чорхолъ, боцIулъ, пихъазулъ ками кквезабуни, Дица нужер хIалбихьизе буго. Я МухIамад, Дица хIалбихьун хадуса, ниж Аллагьасул лагъзал руго, ниж Аллагьасдеги руссинеги ругоянги абун балагьазда сабру гьабулел гIадамазда дуца рохел бице. Гьел руго жидерго БетIергьанасул рахъалдасан жидеде рахIматалги цIобалги рещтIунел гIадамал»**,-ян.

Узухьда, гIадамал хIинкъизе



кколел балагьалги руго. Киналха гьел ругел? Гьел ккола ТIадегIанав Аллагьасул щим бахьун риччалел балагьал. Кина-киналха гьел кколел? Гьел ккола: ТIадегIанав Аллагьасул, Гьесул Аварагасул (с.т.гI.в.), гьесул асхIабзабазул вализабазулгун имамзабазул щим бахьинаби, адаб-хIурмат тей, гьезул къадру-къимат хвезабизе лъугьин. Гьелъие гIоло риччалел балагьал руго, гьеб рахьалъ гIайибалде ккарал гIадамал гьалаг гьариялъе тIаде тIамулел балагьал.

Цогидал балагьал руго лагъзал кантIизариялъе, хIалбихьиялъе, гьезда жидерго загIиплъи бихьиялъе, мунагьал чуриялъе, цогидал балагьаздасан цIуниялъе ва алжаналъулал даражаби цIикIкIиналъе риччалел. Узухьда, нилъеца сабру гьабунани.

Бищунго цIикIкIун балагьал лъиде рачIунилан гьикъидал, нилъер хирияв Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: **«ТIоцере аварагзабазе ва хадур гьезда релълъаразда»**,-ян.

**«Аллагьас чиясде биччалеб балагь, диналъулъ гьесул къвакIи-загIиплъиялде балагьун биччала. Щвалде щвараб бугони балагьги кIудияб биччала. Гьединан балагьал тIаде рачIун гьев вацIцIалъула ва алжан насибавлъун лъугьуна»**,-ян абун буго кьучIаб хIадисалда.

Гьединго Аварагасул (с.т.гI.в.) кьучIаб хIадисалда буго: **«Муъминчиясул хIатIазда загицин къаларо гьесие пайдаялъе гурони»**,-ян.

Инсанасе чара гьечIого сабру хIажалъула какилъ щвалде щвей, мухIканлъи ва камиллъи букIинабиялъеги, гьенир хIузуралда, суннаталда ва адабалда рукIиналъеги. Гьединаб къагIидаялда бараб какалъ нилъ квешал ва къабихIал жалаздасанги пишабаздасанги цIунула.

**«Какалъ инсан мункараб, квешаб, къабихIабщинаб жоялдасан цIунула»**,-ян абулеб буго Аллагьасул хирияб калам-Къуръаналда ( ГIанкабут сурат, аят 45).

ТIолалго бусурбаби цоцалъ лъикI, адаб-хIурматги, рокьихинлъиги, рацIцIалъиги цIунун рукIиналъеги хIажалъула сабру.

**«Аллагьасе гIоло цоцазе рокьарал гIадамал, Аллагьасул гурого рагIад гьечIеб къоялъ Аллагьасул рагIдукь рукIуна»**.

**«Жеги чара гьечIого нильее сабру хIажатаб буго, хасго гIагарлъиялъулъ щулияб ва гьуинаб гьоркьоблъи ва хурхен букIинабиялъеги ва цIуниялъеги»**,-ян абулеб буго Аварагасул (с.т.гI.в.) кьучIаб хIадисалда.

Аварагасул цогидаб кьучIаб хIадисалда абулеб буго: **«Халатаб гIумруги гIатIидаб рикъзиги бокьарав чи гIагарлъигун лъикI вукIа»**,-ян.

Бусурбаби, хасго сабруялда рукIине ккола ва гьелде цIикIкIун хIажаталлъун руго гъибат-бугътан, дагIба-рагIи, гьереси бицин, мацIихьанлъи, чи рагIудалъунги, ишалдалъуниги гIодовегIан гьави, цIогьоди, цогидазул гIайибал цIехолдулел рукIин, гIаракъи ва цогидалги мехтизарулел жал хIалтIизари, хIарамаб жо кванай, хIарамаб бакIалде балагьи, чIухIдари гIадал пасикъал, нахъегIанал ва Аллагьас нагIана кьурал пишаби риччангутIиялъе, хIалтIизарунгутIиялъе ва гьездасан инкар гьабиялъе.

Гьелъие гуребги нилъ киналго хIажатал руго нилъерго нафсалъе бокьа-бокьараб гьабунгутIиялъеги. ТIадегIанав Аллагьас нильер хIалбихьулеб буго нафсалъе бокьулареб, сабруялде хIажатаб жо тIадкъаялдалъун.

БатIаго, гьаб заманалда, нилъ сабруялде чара гьечIого хIажалъун руго кIудиязул адаб-хIурмат гьабиялъулъги гIиссиназе гурхIел гьабиялъулъги. **«КIудиясул хIурматги гьабуларев, гьитIинасда гурхIелги гьечIев чи нилъер чи гуро»**,-ян абулеб буго Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда.

Гьанжесеб гIел цIакъго хIажатаб буго эбел-инсуца малъараб гьабун, гьезул ракI къварид гьабичIого, хасго гьел кIодолъараб мехалда, гьел рази гьарун, гьезие лъикIаб хъулухъ ва тIалаб-агъаз гьабун цадахъ гIумру гьабиялъе.

Аллагьасул хирияб Къуръаналъ малъулеб буго эбел-инсулгун лъикIаб гьудулльи гьабизе гьел капурал ругонигиян. **«Лъималазе гьукъараб буго эбел-инсул адаб рехизе, щин бахъун гьезде ахIдезе, гьелгун хIелун рукIа, гьезие дугIаалхIамги гьабе»**,-ян тIалаб гьабулеб буго Къуръаналъ.

Сабру букIине ккола, ай гьеб хIажалъула гIадамазул къваригIел тIубазе, гьезие кумек гьабизе къваригIаниги. **«ГIадамазул бищунго лъикIав чи вуго гIадамазе бищунго цIикIкIун пайда щолев чи»**,-ян абулеб буго Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда.

Жакъа, нилъее гьава кинниги хIажатаб буго сабру, ритIухълъиги гIадлуги цIуниялъ, хасго нухмалъулезе. Абулеб буго ритIухъав ва гIадилав бетIер, нухмалъулев хабалъ туруларин.

Сабру къваригIуна сардилъ вахъун Аллагьасе гIибадат гьабизеги, садакъаби гьаризеги.

Гьеб къваригIуна боцIудасан (буголъиялдасан) закагIат кьезеги. **«Жидеца месед-гIарац хазиналдеги цIунулел, Аллагьас бихьизабураб нухалда гьебги бокьуларел чагIазда дуца лъазабе, гьезие унтизабулеб, кьогIаб гIазаб букIине буго»**,-ян абулеб буго Къуръаналъул аяталда.

Нилъ киназего сахлъиги тавпикъги кьеги Аллагь разиял ва разиял гурел киналго ишазулъ сабру гьабизеги. Аллагьги гIадамалги разияб хьвадачIвадиялда рукIинеги! Амин!

Сабру хIажалъулел бакIал гIемерал руго, амма гьалда къокъ гьабуни лъикI ккела,-ян абуна АхIмадудин-хIажица.

***-Баркала, АхIмадудин-хIажи гIадамазе пайдаяб каламалъухъ. ХутIараб хаду-хадуб гьабиларищха.***

***М. ИБРАГЬИМОВ.***

# БЮДЖЕТ

Приложение № 1
к Постановлению "О бюджете муниципального
образования с. Миарсо на 2015год .
№ _11_____ «2015_г.

**ДОХОДЫ БЮДЖЕТА**
**МО "село Миарсо" на 2016год.**

| № п/п | КБК | НАИМЕНОВАНИЕ | 2016г. |
|---|---|---|---|
| 1. | 182 101 02021 01 1000 110 | Налог на доходы физических лиц | 22000 |
| 2. | 182 106 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 61000 |
| 3. | 182 106 06023 10 0000 110 | Земельный налог | 55000 |
| 4. | 001 117 05050 20 0000 110 | Неналоговые доходы | 7000 |
| | | **Итого собственные доходы:** | **145000** |
| **5.** | **001 202 01001 05 1000 151** | **Дотации** | **2253000** |
| **6.** | **001 202 03003 10 0000 151** | Субвенции на осуществление Федеральных полномочий государственной регистрации актов гражданского состояния на 2016год. | **8000** |
| **7.** | **001 202 03015 10 0000 151** | Субвенции на осуществление Федеральных полномочий по первичному воинскому учету на 2016год. | **59000** |
| | | **Всего межбюджетные трансферты** | **2320000** |
| | | ИТОГО: | 2465000 |

**Утверждаю:**
**Глава МО "село Миарсо"**

**от _30_ _декабря__ 2015_года**

**Бюджетная роспись (расходы)**

**АСП МО "село Миарсо"** **на** **2016год.**

**рб.**

| Документ, учреждение | Вед-во | Раздел, подраздел | Целевая статья | Вид расходов | Эк.класс | Доп класс | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| **Аппарат управления** | 001 | 0104 | 9900010040 | 121 | 211 | з/п | 804000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 122 | 212 | суточные | 10000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 129 | 213 | начисл. | 242808 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 242 | 221 | интернет\серт. | 12000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 222 | проезды | 10000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 223 | электроэн | 10000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 226 | квартирн | 10000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 226 | стр.жизн. | 8900 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 226 | обучение\торги\ | 12000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 340 | рас матер | 60000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 244 | 340 | ГСМ | 50000 |
| | 001 | 0104 | 9900010040 | 852 | 290 | гр.налог | 1000 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **1230708** |
| **ЗАГС** | 001 | 0304 | 9980059300 | 121 | 211 | з/п | 6000 |
| | 001 | 0304 | 9980059300 | 129 | 213 | начисл. | 1812 |
| | 001 | 0304 | 9980059300 | 244 | 340 | канцхозтовары | 188 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **8000** |
| **ВУС** | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 211 | з/п | 36000 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 213 | начисл. | 10872 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 244 | 340 | приобретения | 12128 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **59000** |
| **ФК и Спорт** | 001 | **1101** | **9900090100** | **244** | **290** | проч расх | **70000** |
| **Молодежная политика** | 001 | **0707** | **9900070050** | **244** | **290** | проч.расх | **40000** |
| **ЖКХ** | 001 | 0503 | 6000500 | | | благоустройство | 180812 |
| | 001 | 0503 | 6000100 | 244 | 223 | эл. Энергия | 107000 |
| | | | | | 851 | | 35000 |
| | 001 | 0503 | 6000500 | 244 | 226 | проект водоотведен | 80000 |
| | | | | | | **ИТОГО** | **402812** |
| **Социальные выплаты** | 001 | **1001** | **4910100** | **313** | **263** | Пенсии | **80000** |
| **Резервные фонды** | 001 | **0111** | **0700500** | **870** | **290** | | **100000** |
| | | | | | | ***ВСЕГО РАСХОДОВ*** | **1990520** |

**Исполнитель: Гл.бухгалтер** **А. А. Исапдибиров.**

# БЮДЖЕТ

Приложение 1
к постановлению «О бюджете
сельского поселения «сельсовет Рикванинский»
на2016год»

**Прогнозируемый объем поступлений доходов по основным источникам**

На 2016 год

(рублей)

| Код бюджетной классификации Российской Федерации | Наименование доходов | Сумма 2015 г. |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 149000 |
| 18210102010011000110 | Налог на доходы с физических лиц | 33000 |
| | ЕСХН | 3000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество с физ лиц | 20000 |
| | **Неналоговые доходы** | **5000** |
| | **Собственные доходы:** | **210000** |
| 00120201001100000151 | **Дотация** | **1938000** |
| 00120204014100000151 | **Субвенция Совфинансирован** | **121121** |
| 00120203003100000151 | **Субвенция на ЗАГС** | **5878** |
| 00120203015100000151 | **Субвенция на ВУС** | **67000** |
| | **Всего доходов** | **2341999** |

Приложение 5
к постановлению «О бюджете
сельского поселения «сельсовет Рикванинский»
на2016год»

**Распределение**
**Расходов местного бюджета по ведомственной классификации расходов бюджетов**
**СП «сельсовет Рикванинский» Ботлихского района РД РФ**

## На 2016 год

(рублей)

| Наименование по видам расходов | Вед-о. | Раздел подраздел | Целевая статья | Вид Расхода | Сумма | примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Фонд оплаты труда** | 001 | **0104** | 9900010040 | 121 | **856796** | АУ |
| **Иные выплаты персоналу** | 001 | **0104** | 9900010040 | 122 | | АУ |
| **Страховые взносы** | 001 | **0104** | 9900010040 | 129 | **259000** | АУ |
| **Закупка тов раб и усл в сфере инф-тех коммуникаций** | 001 | **0104** | 9900010040 | 242 | **20000** | АУ |
| **Закупка тов раб и усл в целях кап ремонта мун имущ** | 001 | **0104** | 9900010040 | 243 | | АУ |
| **Прочие расходы электроэнергия** | 001 | **0104** | 9900010040 | 244 | **20000** | АУ |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0104** | 9900010040 | 244 | **24817** | АУ |
| **Уплата налога на имущ организации и зем налога** | 001 | **0104** | 9900010040 | 851 | | АУ |
| **Уплата прочих налогов, сборов и иных обязательных платежей** | 001 | **0104** | 9900010040 | 852 | | АУ |
| **Всего** | | | | | **1180613** | АУ |
| **Резервные средства** | 001 | **0111** | 9900010070 | 870 | **65000** | РЕЗ ФОНД |
| **Всего** | | | | | **65000** | РЕЗ ФОНД |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0304** | 9980059300 | 244 | **5878** | ЗАГС |
| **Всего** | | | | | **5878** | ЗАГС |
| **Фонд оплаты труда** | 001 | **0203** | 9980051180 | 121 | | ВУС |
| **Страховые взносы** | 001 | **0203** | 9980051180 | 129 | | ВУС |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0203** | 9980051180 | 244 | **67000** | ВУС |
| **Всего** | | | | | **67000** | ВУС |
| **Закупка тов раб и усл в целях кап ремонта мун имущ** | 001 | **0503** | 9900040010 | 243 | **30000** | Ул освещ |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0503** | 9900040010 | 244 | **48000** | Ул освещ |
| **Бюджет инвест в объекты мун собственности (строит реконстр объектов)** | 001 | **0503** | 9900040010 | 414 | | Ул освещ |
| **Уплата налога на имущ организации и зем налога** | 001 | **0503** | 9900040010 | 851 | **150000** | ЖКХ благоустр |
| **Уплата прочих налогов, сборов и иных обязательных платежей** | 001 | **0503** | 9900040010 | 852 | **30000** | ЖКХ благоустр |
| **Всего** | | | | | **258000** | ЖКХ благоустр |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0310** | 9900040010 | 244 | **184245** | Пож водоем |
| **Бюджет инвест в объекты мун собственности (строит реконстр объектов)** | 001 | **0310** | 9900040010 | 414 | | Пож водоем |
| **Всего** | | | | | **131087** | Пож водоем |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **1101** | 9900090100 | 244 | **20000** | ФК СПОРТ |
| **Всего** | | | | | **20000** | ФК СПОРТ |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0707** | 9900070050 | 244 | **10000** | молод пол |
| **Всего** | | | | | **10000** | молод пол |
| **Доплата пенсии гос.служаш** | 001 | **0101** | 9900090010 | 244 | **45000** | пенсия |
| | 001 | **0101** | 9900090010 | 244 | **45000** | ВСЕГО |
| **КУЛЬТУРА** | | | | | | |
| **Заработная плата Фонд оплаты труда** | 001 | **0801** | 9900080010 | 111 | **321963** | МКУ «АЦКиД» |
| **Страховые взносы** | 001 | **0801** | 9900080010 | 119 | **97300** | МКУ «АЦКиД» |
| **Закупка тов раб и усл в сфере инф-тех коммуникаций** | 001 | **0801** | 9900080010 | 242 | | МКУ «АЦКиД» |
| **Прорчая закупка тов раб усл для мун нужд** | 001 | **0801** | 9900080010 | 244 | **72000** | МКУ «АЦКиД» |
| **Прочие расходы электроэнергия** | 001 | **0801** | 9900080010 | 244 | **15000** | |
| **Уплата налога на имущ организации и зем налога** | 001 | **0801** | 9900080010 | 851 | | МКУ «АЦКиД» |
| **Уплата прочих налогов, сборов и иных обязательных платежей** | 001 | **0801** | 9900080010 | 852 | | МКУ «АЦКиД» |
| **Всего** | | | | | **506263** | МКУ «АЦКиД» |
| **ИТОГО:** | | | | | **2341999** | |

Приложение 6
к постановлению «О бюджете
сельского поселения «сельсовет Рикванинский»
на2016год»

**Смета доходов и расходов резервного фонда бюджета СП «сельсовет Рикванинский» на 2016г.**

| № п/п | Наименование | 2016 |
|---|---|---|
| 1 | Доход | 65,0 |
| 2 | Расходы всего: | 65,0 |
| 2.1 | Оказание единовременной материальной помощи пострадавшим от стихий бедствий | 35,0 |
| 2.2 | Оказание единовременной материальной помощи особо нуждающемуся контингенту населения | 30,0 |

# программа

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

учредитель:

**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

**БетIерав редактор**

*ГI. ГIумаханов*

**Жавабияй секретарь**

*З.ГIумарова*

**Отделалъул редакторал**

*М. Ибрагьимов*

*П. Дибирова*

*А. Агъларов*

**Мухбирзаби**

*З.МухIамадова*

*М. ГIумаханова*

*Наборщица*
П. Эльдарова

Дизайнер
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
*Ш.Муртазалиев*



*Адрес: 368970*
*Болъихъ росу,*
*Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*



*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна*

*Заказ №* ______

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*


# Колонка прокурора

## С 15 января 2016 года вступают в силу изменения в Закон об исполнительном производстве, позволяющие судебному приставу-исполнителю временно ограничить право управления должника транспортным средством

Федеральным законом от 28 ноября 2015 года № 340-ФЗ внесены изменения в Закон об исполнительном производстве.

В частности, в случае неисполнения должником-гражданином или индивидуальным предпринимателем в установленный законом срок без уважительных причин требований исполнительного документа о взыскании алиментов, возмещении вреда, причиненного здоровью, возмещении вреда в связи со смертью кормильца, имущественного ущерба или морального вреда, в результате преступления, требований неимущественного характера, связанных с воспитанием детей, а также о взыскании административного штрафа, назначенного за нарушение порядка пользования специальным правом, судебный пристав-исполнитель вправе по заявлению взыскателя или собственной инициативе вынести постановление о временном ограничении на пользование должником специальным правом.

Законом установлен перечень случаев, при которых временное ограничение не может применяться. А именно, в случае, если такое ограничение лишает должника основного законного источника средств к существованию, а также, если сумма задолженности по исполнительному документу не превышает 10 тыс. рублей.

Кроме того, положения об ограничении прав закреплены в Законе о безопасности дорожного движения, а также Кодексе Российской Федерации об административных правонарушениях, который дополнен статьей, предусматривающей административную ответственность в виде обязательных работ на срок до 50 часов или лишение специального права на срок до 1 года, за нарушение данного ограничения.

**Д.Джабраилов, прокурор района**

## Принят закон об уголовной ответственности за создание «финансовых пирамид»

Федеральным законом от 30.03.2016 № 78-ФЗ «О внесении изменений в Уголовный кодекс Российской Федерации и статью 151 Уголовно-процессуального кодекса Российской Федерации» Уголовный кодекс РФ дополнен статьей 172.2 «Организация деятельности по привлечении денежных средств и (или) иного имущества».

Статья предусматривает уголовную ответственность в виде штрафа в размере до полутора миллионов рублей или в размере заработной платы или иного дохода за период до трех лет, либо принудительных работ сроком до 5 лет, либо лишения свободы на срок до 6 лет с ограничением свободы до 2 лет или без такового за организацию иного деятельности по привлечению денежных средств и иного имущества физических или юридических лиц в крупном (особо крупном) размере, при которой выплата дохода или предоставление иной выгоды лицам, чьи денежные средства или иное имущество привлечены ранее, осуществляются за счет привлеченных денежных средств и (или) иного имущества иных физических или юридических лиц при отсутствии инвестиционной или иной законной деятельности, связанной с использованием привлеченных материальных ресурсов.

Расследование данных преступлений относится к компетенции следователей органов внутренних дел Российской Федерации. Кроме того, предварительное следствие может производиться также следователями органа, выявившего эти преступления.

Закон опубликован на официальном интернет-портале правовой информации http://www.pravo.gov.ru, 30.03.2016 и вступает в силу 10.04.2016.

**А.Азизов, помощник прокурора района**

## РЕГИСТРИРОВАТЬ НЕДВИЖИМОСТЬ БУДЕМ ПО-НОВОМУ

С 1 января 2017 года вступает в силу закон "О государственной регистрации недвижимости", кардинальным образом меняющий подход регистрации прав на недвижимость.

С этого момента Росреестр не будет больше выдавать свидетельства о собственности, сдавать бумажные документы на регистрацию любого объекта на всей территории страны можно будет дистанционно, а на смену существующим сегодня ЕГРП и ГКН придет Единый госреестр недвижимости.

Одним из самых серьезных изменений, которые вводятся новым законом, станет отмена свидетельства о регистрации права на недвижимое имущество с 1 января. С этого момента существование оформленных прав на объект будет подтверждаться только выпиской из Единого государственного реестра недвижимости (ЕГРН).

Существующие сегодня две самостоятельные базы данных об объектах недвижимости: Единый государственный реестр прав (ЕГРП) и Государственный кадастр недвижимости (ГКН) - сольются в одну -Единый государственный реестр недвижимости (ЕГРН). В результате этого объединения появится общая база данных, включающая в себя сведения об объектах недвижимости (квартирах, зданиях, сооружениях, объектах незавершенного строительства, земельных участках). Реестр этот будет вестись в электронной форме.

Регистрация прав и кадастровый учет одновременно

С 1 января 2017 года госрегистрация прав и кадастровый учет станут осуществляться одновременно, кроме отдельных случаев. А сроки регистрации права собственности на объект сократятся с десяти рабочих дней до пяти, при этом срок будет увеличен до девяти рабочих дней (для кадастрового учета - до семи дней) в тех случаях, если документы на государственную регистрацию подаются не в Росреестр, а в многофункциональный центр оказания государственных услуг.

Законом установлены основания для приостановления государственной регистрации и кадастрового учета. Значительно увеличены сроки, на которые может быть приостановлена госрегистрация прав на объект. Если сейчас регистрация документов приостанавливается на месяц по решению регистратора и на три месяца по заявлению правообладателя, то после вступления закона в силу госрегистрация по решению регистратора может быть приостановлена на три месяца, а в заявительном порядке - до полугода. Но заявление о приостановлении можно подать только один раз.

Предусмотрен новый случаи возврата документов без рассмотрения. Согласно статье 25 закона о госрегистрации, регистрация может быть приостановлена, если в документах, поданных на бумажном носителе, содержатся исправления или приписки, зачеркнутые слова.

------------

Заявление о регистрации недвижимости на бумажном носителе можно будет предоставить для регистрации любого объекта на территории страны, независимо от того, где именно располагается этот объект.

Предусмотрена ответственность Росреестра

Наконец новым законом предусматривается ответственность Росреестра за нарушение правил регистрации прав на недвижимость. Специалисты будут отвечать, если произошло искажение сведении, утрата документов или заявителю незаконно отказали в проведении регистрации. В тех случаях, когда виноваты кадастровые инженеры, Росреестр сможет предъявить им регрессные требования.

Отдельные положения нового закона в настоящее время уточняются, продолжают выходить новые подзаконные нормативные акты, которые конкретизируют отдельные статьи федерального закона № 218.

**Л.К.Абдулаев, И.О. начальника Ботлихского межмуниципального отдела Управления Росреестра по РД.**

## ГРАФИК
### приема граждан членами Общественной Палаты МР «Ботлихский район» на июнь-сентябрь 2016г.

| № п/п | Фамилия, имя, отчество Членов ОП | Место проведения | Дата приема | Время приема |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Иманшапиев Магомед Шамсудинович | Здание админ. | 21.06.16 г.. | 10 ч.00 м. |
| 2 | Шахрудинов Шахрудин Алисултанович | -#- | 28.06.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 3 | Абдурахманов Абдулбасир Абакарович | -#- | 5.07.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 4 | Арипов Арип Арипович | -#- | 12.07.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 5 | Гамзатова Джамилат Ахмедовна | -#- | 19.07.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 6 | Даитов Магомед Алиевич | -#- | 28.07.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 7 | Магомедов Магомед Исмаилович | -#- | 2.08.16 г. | 10 ч.00 м. |
| 8 | Курбанов Магомед Исмаилович | -#- | 9.08.16 г | 10 ч.00 м. |
| 9 | Лабазанов Лабазан Раджабович | -#- | 16.08.16 г | 10 ч.00 м. |
| 10 | Муртазалиев Нурмагомед Нурмагомедович | -#- | 23.08.16 г | 10 ч.00 м. |
| 11 | Саидбегов Асиддер Саидбегович | -#- | 30.08.16 г | 10 ч.00 м. |
| 12 | Хасбулаев Салман Шахбанович | -#- | 6.09. 2016 г. | 10 ч.00 м. |
| 13 | Абдулатипов Абдурахман Шахрурамазанович | -#- | 13.09. 2016 г. | 10 ч.00 м. |
| 14 | Исаков Беки Убайдулаевич | -#- | 20.09. 2016 г. | 10 ч.00 м. |
| 15 | Асайханов Абулайс Ибрагимович | -#- | 27.09. 2016 г. | 10 ч.00 м. |